# Зыщ ди блэкlари, зыуэ щрет ди къэкlуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

I924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№114 (24.864) • 2025 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 20, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •




**Лъэпкъ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт**






## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм и щIыхькIэ цIыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

Псоми ди зэхуэдэ а махуэшхуэри ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ я дамыгъэхэм.

Адыгэхэр я тхыдэм, ябгъэдэлъ псэкупсэ къулеигъэм, щэнхабзэ щIэиным ирогушхуэ. Абыхэм къахуихуащ гъэунэхуныгъэ къызэрымыкIуэ куэдым пхыкIыну, ауэ адыгэ лъэпкъым сыт щыгъуи щIыхь пылъу къызэринэкIащ гугъуехьхэр. Абы и лъабжьэ къэмылэнджэжу зэпымыууэ щыташ лъэпкъым и Iущагъыр, зэкъуэтыныгъэмрэ Урысейм лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубэм тхыдэкIэ къыхаха гъуэгум зэрыхуэпэжымрэ. Абы и фIыгъэкIэ лъэпкъым ноби Iэмал иIэщ къэрал лъэщым, иным щыпсэуну, щылэжьэну, и анэдэлъхубзэр, зыми емыщхь и щэнхабзэр, къыдекIуэкI хабзэхэр ихъумэжыну. Абы, шэч хэмылъу, я фIыгъэ хэлъщ адыгэ лъэпкъым и нэхъыжьыфIхэу япэ ита псоми. Дэ дрогушхуэ Хэкум и щIыхьыр яIэту, абыхэм зэуапIэми лэжьапIэ IэнатIэхэми къыщагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэхэм икIи ди къэралым и щIыналъэ псоми щыщ зауэлIхэм ящIыгъуу зи къалэныр дзэ Iуэху хэхам нобэ щызыгъэзащIэхэм, я гъащIэ емыблэжу Урысейм и щхьэхуитыныгъэр зыхъумэхэм.

Си фIэщ мэхъу, ди къэрал щэджащэм щыпсэу лъэпкъхэм я унагъуэ зэкъуэтым дыхэту дазэрыпэлъэщыфынур ди зэманым къытпигъэув сыт хуэдэ гугъуехьхэми, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди Хэкумрэ зэIузэпэщыгъэ илъыным, ефIэкIуэным хуэунэтIа къалэнхэр зэрытхуэгъэзэщIэнур.

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ фиIэну, фIым я нэхъыфIыр къывэхъулIэну.

# Зыужьыныгъэм и тегъэщIапIэ нэхъыщхьэхэр

**Урысейм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым Экономикэ политикэмкIэ и комитетым и зэIущIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щригъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щыташ КъБР-м 2030 гъэ пщIондэ социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ зэрызиужьыну щIыкIэм.**

ЛЭЖЬЫГЪЭ Iуэхук1э республикэм къэкIуащ Урысей Федерацэм и сенаторхэр, Экономикэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Кутепов Андрей Виктор и къуэр я пашэу.

ЛIыкIуэхэм яхэташ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу УФ-м и сенаторхэу Къанокъуэ Арсенрэ Ульбашев Мухьэрбийрэ.

ЗэIущIэм хэтхэр щыIащ республикэм и мэкъумэш-промышленнэ IэнатIэм и Iуэхущ1апIэ зыбжанэм. Абыхэм ящыщщ пхъэщхьэмыщхьэ зыгъэкI «Бахъсэн и жыг хадэхэри». Мыбы къыщагъэсэбэп щIэх къызыпыкIэ жыгхэр гъэкIыным, пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ мэракIуэхэкIхэмрэ хъумэным теухуа IэмалыщIэхэр. Жэщ-махуэ имыIэу ягъэлажьэ, илъэс хъурейм продукцэр зыщIэбгъэлъ хъу щIыIалъэ яIэщ, тонн мин 25-рэ зэуэ щIэхуэу. Ерыскъыхэр зэрыкъабзэм и фIыгъэкIэ абыхэм щIэупщIэшхуэ яIэщ. Ахэр ирагъашэ Москва, Санкт-Петербург, Екатеринбург, Новосибирск, Иркутск, Владивосток щIыналъэхэм, жыпIэнурамэ, Урысейр зэрыщыту къызэщIаубыдэ.

Урысей Федерацэм и сенаторхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Япэ президенту щыта КIуэкIуэ Валерий Мухьэмэд и кхъащхьэу ар къыщалъхуа къуажэм щыIэм.

Валерий Мухьэмэд и къуэр 1996 гъэм къыщыщIэдзауэ 2001 гъэ пщIондэ ФедерацэмкIэ Советым и УнафэщIым и къуэдзэу лэжьащ.

Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Кутепов Андрейрэ щызэIущIам тепсэлъыхьащ республикэм и зыужьыныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зи чэзу Iуэхухэм.

Абдежым къыщыхагъэщащ республикэм зэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъухэр зэрыщыIэр. Абыхэм и гугъу ящIащ Президент Путин Владимир къыхилъхьауэ ягъэзащIэ лъэпкъ проектхэми. Абыхэм зэрыхэтым и фIыгъэкIэ республикэм и экономикэм адэкIи хэпщIыкIыу зеужь.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

**• Дунейпсо Адыгэ Хасэ**



## Махуэшхуэм хуэфэщэн Iуэхушхуэхэр

**Адыгэхэм я махуэшхуэм ирихьэлIэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ зыбжанэ щрегъэкIуэкI ди республикэм. ФокIадэм и 18-м абы зэхишащ ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэм я зэIущIэ. Абы кърихьэлIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшрокъуэ Залым, ДАХ-м и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ, КъБР-м, КъШР-м, АР-м я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ, абы и къуэдзэ Шыхъуэстэн Амдулхьэмид, Тыркум, Иорданием, Израилым, Европэм хыхьэ къэралхэм, КъШР-м, Адыгейм, Ставрополь, Краснодар крайхэм къикIа лIыкIуэхэр.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Абы къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэр жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм зэрадэлажьэм, блэкIа зэхуэс лъандэрэ ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм зэфIагъэкIа Iуэхухэм, нэгъуэщIхэми.

*(КIэухыр 3-нэ нап.).*

# Зыужьыныгъэм и тегъэщIапIэ нэхъыщхьэхэр

(Пэщэдзэр 1-нэ нап.)

Экономикэм и тегъэщIапIэ нэхъыщхьэхэр мэкъумэш хозяйствэм, хъугъуэфIыгъуэхэр щIым къыщIэзых, абыхэм елэжь промышленностым, энергетикэм я Iуэхущ IапIэхэрщ. КIуэ пэтми нэхъ мыхьэнэшхуэ яIэ мэхъу туризм, зыгъэхъужыпIэ-зыгъэпсэхупIэ IэнатIэхэм, къахуэкIуэхэм хьэщIагъэ зэрыкIэлъызэрахьэм. Республикэм зыщызыплъыхьыну къакIуэхэм я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу икIи абы къыдэкIуэу йофIакIуэ Iуэхутхьэбзэ щIэнымрэ шхапIэхэмри я зэфIэкIыр.

КIуэкIуэ Казбек ФедерацэмкIэ Советым и УнафэщI Матвиенкэ Валентинэ фIыщIэ хуищIащ республикэм щыпсэухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр къазэрыдиIыгъым папщIэ. Кутепов Андреи псалъэ гуапэкIэ зыхуигъэзащ Экономикэ политикэмкIэ комитетым и лIыкIуэ гупышхуэ щIыгъуу къызэрытхуеблэгъам папщIэ.

ХьэщIэхэмрэ республикэм и унафэщIхэмрэ щызэIущIэм зэпалъытыжащ блэкIа зэманым щIыналъэм зригъэхъулIахэр икIи 2030 гъэ пщIондэ зэрызиужьыну Iэмалхэри зэпкърахащ.

Къапщтэмэ, блэкIа илъэситхум республикэм къыщыщIагъэкIыр, хуэдитIкIэ хэхъуэри, сом мелард 325-рэ и уасэм нэсащ. 2030 гъэм ирихьэлIэу а бжыгъэхэм иджыри хуэдитIкIэ хагъэхъуэну я мурадщ.

Мылъку нэхъыщхьэм инвестицэу къыхалъхьэр 2020 гъэм сом мелард 49,1-м икIри, 2024 гъэм мелард 80-м нэблэгъащ. Инвестицэ проект ину 40-м щIигъу ягъэзэщIащ. 2030 гъэм ирихьэлIэу инвестицэу къыхалъхьэр илъэсым сом меларди 120-м нагъэсыну я мурадщ.

Хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ щылажьэхэр мин 22,6-м нэсащ, илъэситхум къриубыдэу процент 26,7-кIэ нэхъыбэ хъури. Зи щхьэ хуэлэжьэжхэр цIыху мин 81,4-м щIигъуащ, зы илъэсым апхуэдэхэм я бжыгъэми процент 14,3-кIэ хэхъуащ.

Налогрэ налогым хэмыхьэ хэхъуэу КъБР-м и бюджет зэхэтым къихъуар илъэс кIуам елъытауэ процент 18-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи сом мелард 29-м щIигъуащ.

2019 гъэм къыщыщIэдзауэ лъэпкъ проектхэм япкъ иткIэ республикэм къыIэрыхьащ сом мелард 60 хуэдиз. А зэманым къриубыдэу щIэуэ яухуащ е зэрагъэпэщыжащ, зыхуей хуагъэзащ егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн, щэнхабзэ, спорт IэнатIэхэм, гъуэгу инфраструктурэм хыхьэ IуэхущIапIищэхэр. Дызэрыт илъэсым я мурадщ апхуэдэу 120-м щIигъум елэжьыну.

Зэхуэсым щызэхъуэжащ республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэнхэр зэфIэгъэкIыным теухуа я Iуэху еплъыкIэхэмкIи. ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм, электрокъарукIэ къызэгъэпэщыным, псыр ирикъуу яIэным, къагъэсэбэпар Iушыным, унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ехьэлIа проектхэр пхыгъэкIыным, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэхыным елэжь промышленностым зегъэужьыным, хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ мылъкукIэ защIэгъэкъуэным, нэгъуэщIхэми ехьэлIа Iуэхухэр, Экономикэ политикэмкIэ комитетыр я щIэгъэкъуэну, зэфIэгъэкIа зэрыхъуным хэплъэнущ.

«Урысейм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщI Матвиенкэ Валентинэ иджыри зэ фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ ди республикэм гулъытэшхуэ къызэрыхуищIым папщIэ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм и кIэухым. - Экономикэ политикэмкIэ комитетым ди республикэм щригъэкIуэкIа лэжьыгъэр купщIафIэу, Iуэху куэд къызэщIиубыдэу щытащ. Шэч къытесхьэркъым, дызэкъуэтмэ, къытпэщыт къалэн псори зэрытхузэфIэкIынум. Ахэр псори хуэгъэзащ ди республикэм исхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным».



# Псэущхьэхэр уз зэрыцIалэм щахъумэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Псэущхьэхэм уз Iей къемыгъэуэлIэнымкIэ зэпыу имыIэу лажьэ комиссэм и зэIущIэм. Ар Мэзкуу щригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Патрушев Дмитрий.**

УФ-м МэкъумэшымкIэ, ЩIыуэпсымкIэ и министерствэхэр, Россельхознадзор, Роспотребнадзор IуэхущIапIэхэр, зытепсэлъыхь IуэхугъуэмкIэ жэуап зыхь нэгъуэщI къулыкъущIапIэхэр, щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр хэтащ зи гугъу тщIы зэIущIэм.

Патрушевым къыхигъэщащ псэущхьэхэр уз зэрыцIалэхэм щыхъума хъуным епхауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм Урысейм щагъэхъу Iэщхэм я узыншагъэр зэрелъытар.

Уз зэрыцIалэхэр къызэрахутэ Iэмэпсымэхэмрэ абыхэм зэреIэзэну хущхъуэхэмрэ къэщэхуным мы гъэм сом меларди 4,2-рэ хуаутIыпщащ. Иужьрей илъэсхэм а лъэныкъуэм хухагъэкI мылъкур кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ уней лъапсэхэм щаIыгъ Iэщми мэзхэм щIэс псэущхьэхэми якIэлъыплъын зэрыхуейм. Ветеринархэм я лэжьыгъэр зыхуей хуэгъэзэныр и тегъэщIапIэщ «ЕрыскъыхэкIхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын» проектыр.

УФ-м хиубыдэ щIыналъэхэм къикIахэм ирагъэлъэгъуащ псэущхьэхэр уз зэрыцIалэхэм щыхъума хъун папщIэ къагъэсэбэп хъуну Iэмэпсымэхэр, Iуэхум зэрыбгъэдыхьэну щIыкIэми щыгъуазэ ящIащ.

Комиссэм и лэжьыгъэр зэрыригъэфIэкIуэным йогугъу. Псалъэм папщIэ, уз зэрыцIалэ гуэрым зиубгъумэ, ар зэрагъэхъужыну щIыкIэр зыубзыху ветеринар шынагъуэншагъэм и планым хэплъэжащ. Нобэ гулъытэ нэхъыщхьэ зратыр ветеринар IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу зэтеублэнырщ.

Iэщ бжыгъэр щыуагъэншэу къапщытэным, абыхэм уз зэрыцIалэ къемыгъэуэлIэным хуэгъэпсауэ зэIущIэм къыщаIэта Iуэхухэм япкъ иткIэ, Патрушев Дмитрий унафэ щхьэхуэхэр ищIащ.



# Хэкум игъэгушхуэ хахуэ мэхъу

**Адыгэм ифI щигъэлъапIэ, и хабзэ дахэхэр утыку къыщрихьэ, и беягъыр нэрылъагъу щищI, и блэкIамрэ и нобэмрэ щызэригъапщэ, и лIыхъужьхэр щиIэт махуэшхуэм ирихьэлIэу «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку», «Адыгэ макъ» лъэпкъ газетхэм игъуэу къэтлъытащ зи цIэр тхыдэм дыщэпскIэ хатха ди ЛIыхъужьхэм я гъащIэ гъуэгуанэм иджыри зэ фридгъэплъэжыну.**

ФЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩИ, мы гъэр Хэкум и лIыхъужьым и илъэсу щагъэуващ ди къэралым. Ар зытегъэпсыхьар ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрихьрэ илъэс 80 зэрырикъурщ.

2025 гъэр къызэрихьэрэ яIэт дунейм къыщыхъуахэм я нэхъ лъыгъажэ дыдэу екIуэкIа зауэр ди текIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 80 зэрырикъуар. Ди цIыхухэм зэрахьа лIыхъужьыгъэм и пщIэр зэманым хэкIуэдэжакъым. Хэку зауэшхуэм и илъэс хьэлъэхэр нэхъ жыжьэ хъуху, тхыдэм увыпIэ ин щызыубыда ТекIуэныгъэм и мыхьэнэр нэхъри зыхыдощIэ.

Дыхуейщ зауэм щызэрахьа хахуагъэмрэ щхьэмыгъазэу хэкур зэрахъумамрэ къыпэкIуауэ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр зыфIаща ди хэкуэгъухэм иджыри зэ дытепсэлъыхьыну. КъБР-м, КъШР-м, АР-м щыщ Адыгэ ЛIыхъужьхэрщ нобэрей къыдэкIыгъуэр зытеухуар. ЛIы хахуэхэм я къекIуэкIыкIар къыщыIуэтэжа хъыбархэр зэхуихьэсыжри, тхылъ щхьэхуэу къыдигъэкIауэ щытащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу илъэс 24-кIэ лэжьа, КъБР, КъШР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист, тхакIуэ, публицист цIэрыIуэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Аращ дэри къэдгъэсэбэпар.

Мамырыгъэр - зыузэщIыныгъэм, цIыхугъэм, дахагъэм я шэсыпIэщ. Дунейр мамыру екIуэкIмэ, псэукIэми, экономикэми, щIэныгъэми, щэнхабзэми, гъащIэм епха псоми зебгъэужьыфынущ, цIыхухэм я зэIузэпэщыныгъэр зэтебухуэфынущ, щIэблэмрэ къэкIуэнумрэ фIыкIэ уахуэплъэу упсэуфынущ. Ар къэплъытэмэ, дуней мамыр къэзызэуахэм фIыщIэ псалъэ яхужыпIэныр зэи лей хъуркъым, къыдэкIуэтей щIэблэм ахэр щапхъэ яхуэпщIыныр Iуэху щхьэпэщ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# ЗэгурыIуэныгъэрэ мамырыгъэрэ

Хъуэхъу

Ди лъэпкъэгъу лъапIэхэ!

Ди къуэшыфIхэ, ди шыпхъу дахэхэ!

ФокIадэм и 20-м ди лъэпкъым егъэлъапIэ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр!

Урысей къэралыгъуэм, дунейпсо цIыхубэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа лъэпкъхэм ящыщщ адыгэхэр.

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Мы гуфIэгъуэр и дамыгъэщ лъэпкъым и щхьэ кърикIуа лъэпощхьэпохэм имыгъэдзыхэу нобэм къызэрысам, бзэр, щэнхабзэр, тхыдэр зыхъумэфа ди лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм. Дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа адыгэ щIэныгъэлIхэм, тхакIуэхэм, сурэтыщI Iэзэхэм, лIыхъужьхэм ди лъэпкъым и цIэр лъагэу яIэтащ.

НэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэхэм яхузэфIокI я бзэр, адыгагъэр, лъэпкъ хабзэхэр, щэнхабзэ фIыгъуэхэр яхъумэжыну.

ДяпэкIи лъэпкъ тхыдэм къыхэна, къызэднэкIа гузэвэгъуэхэр зыщыдмыгъэгъупщэу, зэманыр мытыншми, щIэблэр лъэпкъым, къэралым иригушхуэу, къызыхэкIар игъэлъапIэу къэдхъэхъуну ди къалэнщ дэтхэнэ зыми.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм я цIэкIэ, си щхьэм къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Адыгэм ди махуэщIымкIэ. Унагъуэ къэс узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, ехъулIэныгъэ, насып илъыну! Ди пщэдейм папщIэ псэзэпылъхьэпIэ ит ди щIалэхэр хэщI ямыIэу, узыншэу къекIуэлIэжыну Тхьэм жиIэ.

ИрефIакIуэ адыгэ (шэрджэс) лъэпкъыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цIыху псори. Иребыдэ лъэпкъыбэу зэхэт ди Хэкушхуэр, зэгурыIуэныгъэрэ мамырыгъэрэ щытепщэу!

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,**
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

# Урысеймрэ Тыркумрэ я зэхущытыкIэр ефIэкIуэным толажьэ

**Дыгъуасэрэ нобэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щокIуэкI «Урысеймрэ Тыркумрэ: дунейпсо щытыкIэмрэ геополитикэ Iуэхугъуэхэмрэ-2025» етIуанэ дунейпсо щIэныгъэ-къэхутэныгъэ конференцыр. Ар къызэрагъэпэщащ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Дипломатиер гъэкIуэтэнымкIэ Горчаковым и цIэр зезыхьэ фондымрэ.**

ЗЭIУЩIЭМ ХЭТАЩ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, Федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ КъуэщIысокъуэ Тимур, ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, ДАХ-м и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ, КъБР-м, КъШР-м, АР-м я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, СНГ-м и IуэхухэмкIэ, евразие къэралхэм я зэкъуэтыныгъэмкIэ, ди хэкуэгъухэм хуаIэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ комитетым и унафэщIым и япэ къуэдзэ Затулин Константин, УФ-м Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм и Представительствэм и унафэщI Нюппэ Сергей, КъБКъУ-м и ректор Алътуд Юрэ, КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу щыIэ Зумакулов Борис, республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, щIэныгъэ институтхэмрэ центрхэмрэ я унафэщIхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ, Анкара, Истамбыл къикIа щIэныгъэлIхэр зыхэт зэхуэсышхуэм Iуэхугъуэ куэд щызэпкърахащ. ЗэIущIэр къыщызэIуихым Сэхъурокъуэ Хьэутий жиIащ екIуэкI конференцым къэрал, щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ цIыхухэр зэрызэришэлIар, зэныбжьэгъугъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ я лъэмыж быдэ хъуну зэрыщыгугъыр.



- Дызытепсэлъыхь Iуэхур ауэ сытми къыхэтхакъым, фэ фыщыгъуазэщ Тыркум адыгэ лъэпкъым щыщу куэд зэрисым. Экономикэ санкцэхэр къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я зэхуаку къыщыдэхъуэ мы зэманым къэрал куэдым ипхъа адыгэ лъэпкъым жэуаплыныгъэ и пщэ къыдохуэ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и къалэнщ ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм ди къэралым и Iуэху еплъыкIэмрэ щытыкIэмрэ ягуригъэIуэну, адыгэ щыпсэу республикэхэмрэ крайхэмрэ я щыIэкIэпсэукIэм щигъэгъуэзэну. Дэ дыхущIокъу дэтхэнэ къэралми и Iуэху зехьэкIэр къэтлъытэну, псом хуэмыдэу Урысейм къыпэщIэува къэралхэм щыпсэу адыгэхэм политикэ щытыкIэр къагурыдгъаIуэу, Хэкум къыхуэгъэза я гупсысэр захуэ, пэж тщIыну. Конференцым хэтыну къытхуеблэгъа псоми фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ, Урысеймрэ Тыркумрэ я зэхущытыкIэр нэхъри ефIэкIуэным теухуауэ дэтхэнэми и псалъэм мыхьэнэ зэриIэнум шэч хэлъкъым.

Зэхуэсым упщIэ щхьэпэ куэд къызэрыщаIэтым, Урысеймрэ Тыркумрэ я зэхущытыкIэм и къежьапIэм, абы щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ иIэ бгъэдыхьэкIэхэм, иджырей дунейм къэралитIыр къызэрыщызэдэгъуэгурыкIуэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьыну зэхуэсым мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхэщу пэублэ псалъэхэр жаIащ къызэхуэсахэм, Москва щыщу онлайну зэIущIэм хэтахэм. ЗэIущIэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым тетынущ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





# Махуэшхуэм хуэфэщэн Iуэхушхуэхэр

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэм итщ).*

ДАХ-м хэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм псэкупсэ лъапIэныгъэхэр, лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэр, унагъуэм илъ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ ялэжьым теухуауэ къэпсэлъащ Шапсыгъ Хасэм и тхьэмадэ КIэкIыхъу Мэжид, Европэм щыIэ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ Вэрокъуэ Затий, Ставрополь щызэхэт «Адыгэ Щэнхабзэ IуэхущIапIэм» и унафэщI Шыбзыхъуэ Юрий сымэ, нэгъуэщIхэри.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым бадзэуэгъуэм и кIэм Абхъаз Республикэм зэIущIэ щригъэкIуэкIащ. Абы кърикIуахэм тещIыхьауэ адыгэ-абхъаз щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр, зэдэлэжьэныгъэр гъэбыдэнымрэ зегъэужьынымрэ зэрекIуэкIым къызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ Сэхъурокъуэ Хьэутий, Абхъазым щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Мэремыкъуэ Валерэ сымэ.

Хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэр нэхъри гъэбыдэныр зи къалэн нэхъыщхьэу щыт Дунейпсо Адыгэ Хасэм лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI. Абы ипкъ иткIэ, мы гъэм ГъэзэщIакIуэ гупым и лIыкIуэхэр щыIащ Тырку къэралыгъуэм икIи абы щыпсэухэм яхуэзащ, епсэлъащ. ЗекIуэм кърикIуахэр къызэхуэсахэм жраIэжащ Адыгей Хасэм и тхьэмадэ ЛIымыщэкъуэ Рэмэзанрэ Хасэм хэт ГъукIэлI Сусанэрэ. Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я щIэблэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрызыщагъэпсэхуам теухуауэ Хасащхьэм хэтхэм ядэгуэшащ а Iуэхур къызэгъэпэщыным, егъэкIуэкIыным иужь ита КАФФЕД-м и лIыкIуэ Лъэпщыкъуэ Онер, Щоджэн Iэминат. ДАХ-м и нэIэ щIэтщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэс ди лъэпкъэгъу студентхэм я псэукIэр, еджэкIэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр зэпэщ щIыныр. Абы теухуауэ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм пыщIэныгъэ быдэ зэрыхуаIэм, студентхэм я Iуэху зыIутым фIыуэ зэрыщыгъуазэм и гугъу ищIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

ЗэIущIэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

# Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 20**, *щэбэт*

♦**Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэщ**
♦**Осетие Ипщэм щагъэлъапIэ я къэралыгъуэр щагъэува махуэшхуэр.**
♦**1936 гъэм** Бахъсэн ГЭС-р лажьэу яутIыпщащ.
♦**1999 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ дунейм ехыжащ.
♦**1922 гъэм** къалъхуащ совет къэрал лэжьакIуэ, политик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Ахъмэт Мусэбий**.
♦**1922 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ХьэдэгъэлI Аскэр**.
♦**1937 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакIуэ **Шурдым Барэсбий**.
♦**1944 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ **Нэхущ Мухьэмэд**.
♦**1987 гъэм** къалъхуащ бэнэкIэ хуитымкIэ дуней псом щэнейрэ щытекIуа, Олимп джэгухэм я чемпион **Махуэ Билал**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15, жэщым градус 12 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 21**, *тхьэмахуэ*

♦**Мамырыгъэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Альцгеймер узыфэр зищIысым цIыхухэр щыгъуазэ щIыным и дунейпсо махуэщ**
♦**1933 гъэм** къалъхуащ географие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Борей Рауф**.
♦**1945 гъэм** къалъхуащ къэфакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Мысачэ Валентинэ**.
♦**1955 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бей Iэуес**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 21-рэ, жэщым градус 11 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 22**, *блыщхьэ*

♦**Автомобиль къэмыгъэсэбэпыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Пылхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Ставрополь щIыналъэм и махуэщ**
♦**1932 гъэм** къалъхуащ «СССР-м егъэджэныгъэмкIэ и лэжьакIуэ нэхъыфI» цIэр зыхуагъэфэща, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Мамхэгъ Раисэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 24-рэ, жэщым градус 11 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Зи мырамысэ зыхуэмыщIыжыр гъунэгъум жэмыкуащIэ макIуэ.**

# Адыгэ лIыхъужьхэр

## Къэбэрдей-Балъкъэр

### Гужьгъэжьк|э гур щыятэр



Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр СССР-м къыщытеуа махуэм щегъэжьауэ Иуан Хьэсэн и Iэщэр игъэтIылъатэкъым. Дохъушыкъуей къуажэм къыщалъхуа щIалэр псэзэпылъхьэпIэ мызэ-мытIэу ихуащ, гузэвэгъуэ зыбжанэми къелащ. Абы игу илъ зэпытт адыгэ напэр ихъумэн зэрыхуейр, и нэгу щIэкIыртэкъым и адэ-анэр, и Iыхьлыхэр, и Къэбэрдейр. Арат и къарур хуэдипщIкIэ щIэбагъуэр, бий илъэгъуамэ, гужьгъэжькIэ и гур щIэятэр...

Иуан Хьэсэн яхэтащ Ленинград зыхъумахэм, Прибалтикэр хуит къэзыщIыжахэм. Ар Европэм и щIыпIэ куэдми щызэуащ. Зэрихьа лIыгъэм папщIэ дамыгъэ лъапIэхэри кърататауэ Германием нэсащ.

1945 гъэ, гъатхэпэ мазэ. Ди дзэхэр Берлин гъунэгъу хуэхъуат. Ауэ иджыри бийм и къару илът. «Зы совет зауэлI Одер къызэпрыдгъэкIынкъым», - жаIэу нэмыцэхэм а псым и адрыщI ныджэм зыщагъэбыдэ. Ауэ жыIэзыфIэщхэм я мурадыр къайхъулIакъым.

Жэщ гуэрым Иуаным и ротэр щэхуу Одер и адрыщI ныджэм зэпрокI. Япэ ищахэм псы Iуфэм зыщагъэбыдэ.

Нэху щыху увыIакъым зауэлIхэр - зыдэсыну щIытIхэр къатIащ, я Iэщэхэр бийм хуагъэпсащ. Нэху зэрыщу, Иуаным и гупым бийм еуэн щIедзэ. АрщхьэкIэ къарухэр зэхуэдэтэкъым. «ФыкъызыхэкIа псым фыхэтхуэжынщи, федгъэтхьэлэнщ», - жыхуаIэу нэмыцэхэр къобгъэрыкIуэ, ди зауэлIхэм яIыгъ щIы кIапэм, уэ къехым хуэдэу, шэр къытрагъэлъалъэ. Ауэ Иуаным и ротэм бийм худичыхыркъыми, зэхэуэр нэхъри гуащIэ мэхъу. Шэхэр мэфий, щIыр дэздджызджу гранатэхэмрэ топышэхэмрэ къоуэ. Фашисту яукIыр куэд мэхъу, ауэ совет зауэлIхэри хокIуадэ. ИтIани дыдейхэр псым къызэпрыкIыху заIыгъын хуейт. ИкIи заIыгъащ.

Абы хэту ди дзэхэр псы Iуфэм къыщитIысыкIыу хуежьати, Иуаным зыкъеIэтри, маджэ: «Ей, маржэ хъужыхэнхэ, нобэ хуэдэ зы махуэщ Хэкум дэ Iэщэ къыщIыдитар... ЗыкъэфIэт!».

Командирыр япэ иту ди зауэлIхэм ебгъэрыкIуэн щIадзэ. Бийм зыхуэIыгъакъым - икIуэтащ.

А пщэдджыжьым Хьэсэн и ротэм фашисту щэм нэс зэтриукIащ.

ШэджагъуэхуэкIуэу ротэр нэмыцэ къуажэ гуэрым дыхьащ. ЗауэлIхэр езэшат, зэхэуфIеяхэт. Ауэ ахэр хунэсакъым загъэпсэхунуи загъэкъэбзэнуи...

Ротэр, пщэдджыжьым щызэуа щIыпIэмкIэ йокIуэтыжри, бийм потIыс. Хъуреягъыр иращэкIыу езырызекIуэ машинэхэр къоблагъэ. Иуаным унафэ ещI: «Къэсыпа нэужькIэщ абыхэм дащеуэнур. Абдежым ахэр идубыдэнщ».

Мис, япэ итыр езым хуэзанщIэ къохъу. Гъунэгъу дыдэу зыбгъэдегъэхьэри, Хьэсэн абы гранатэр иреутIыпщ. Машинэр къыщхьэщыхьэ щыхъум, Иуаным абы иреутIыпщ етIуанэ гранатэр. Езыми псынщIэу щIытIым зыдедзэж. Щыблэу къэIуащ уэ макъыр, щIыр игъэзджызджу...

Зы зэман къызэплъэкIмэ, командирым елъагъу и гъусэ зауэлIхэр зыдэс щIытIхэм я щIыбагъ къыдыхьауэ машинэшхуитIым япэ взводыр Iисраф къызэращIыр. Абыхэм ягъэщтащи, сэлэтхэр къыщолъэт, къыщылъэтхэр нэмыцэхэм пулеметкIэ щIагъэлъэлъ.

- Фи гупэр, фи гупэр яхуэвгъазэ, - мэгуо Хьэсэн икIи а лъэныкъуэмкIэ зреч.

«Феуэ нэлатыр зытехуэнхэм», - мэятэ ар, и зауэлIхэм закъригъэщIэжу. Иуаным и гранатэр едзри, машинэхэм ящыщ зыр къегъауэ. ЕтIуанэми гранатэр иреутIыпщ. НэгъуэщI ар зыми хунэсыжакъым. Гъунэгъуу къыщыуа шэм и лъэр щIеуд.

Хьэсэн зыкъищIэжащ уIэгъэщым щIэлъу. Абы и лъакъуэ лъэныкъуэр пытыжтэкъым. Илъэс тIощIрэ блым уиту никъуэдыкъуэ ухъуныр гукъеуэшхуэщ. Ауэ Иуан Хьэсэн и нэгум щIэкIат укIыгъэ Iэджэ, и ныбжьэгъу куэди хамэ щIыпIэхэм щыщIилъхьэжати, зауэм хиха фэбжьыр и щхьэ закъуэ насыпыншагъэу зэрыщымытыр къыгурыIуэрт.

1945 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м Иуан Хьэсэн къыфIащащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр.

1972 гъэм Иуан Хьэсэн ТIалиб и къуэр дунейм ехыжащ. Езыр къытхэмытыжми, лъэужьыфI къэзыгъэна адыгэлI нэсыр и лъэпкъэгъухэм тщыгъупщэркъым. Зыщалъхуа Старэ Шэрэдж къуажэм щагъэуващ абы и фэеплъ. А къуажэм и зы уэрамми и курыт еджапIэми Иуаным и цIэр зэрахьэ.

### ЩIыхьри пщIэри къэнащ



Дунейр уэфIт. Темрыкъу хы къуэпсым къыхиху акъужь гуапэр псэм йодэхащIэ. Кхъухьлъатэзехуэхэр сатыру иувыкIахэу а ныпым и пащхьэм итщ, я унафэщIхэм жаIэм йодаIуэри. Бийм зы мэскъалкIэ зэрыхудамычыхынум, ар уэгуми щIылъэми зэрыщыхагъэщIэнум теухуа псалъэмакъщ екIуэкIыр.

Унафэщ|хэм я ужькIэ псалъэ къещтэ Къанкъуэщ Ахьмэдхъан. Полк псор умэзэхауэ йодаIуэ и адэм къигъэхьауэ иджыпсту ар къызэджэ тхыгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым фашистхэм щызэрахьэ залымыгъэм теухуауэ гур зыгъэуз псалъэхэр зэрытым. Абы пищэу Ахьмэдхъан жеIэ: «Фашистхэм яукIащ си шыпхъуитI - ФатIимэтрэ Абчарэрэ, си къуэш Шэмэул. Абыхэм яукIащ совет цIыху минхэр. ИкIи си псэр пытыху, си гур къеуэху хейуэ кIуэдахэм ялъ сщIэжыну фыкъызогъэгугъэ».

Адыгэ щIалэр хуэпэжащ ищIа тхьэрыIуэм. Къанкъуэщ Ахьмэдхъан папщIэ ятхырт: «Ар зэи гужьейртэкъым. Кхъухьлъатэр фIыуэ зэрызэрихуэм къыдэкIуэу, абы и хьэлым щызэхуэхьэсат тегушхуэныгъэри, фашистхэм яхуиIэ лъагъумыхъуныгъэри, телъыджэ дыдэхэр езыгъэщIэф лIыгъэшхуэри. Ахьмэдхъан ябгэу бийм ебгъэрыкIуэрт, абы кIуапIи жапIи иритыртэкъым. НапIэдэхьеигъуэт зыхуейр гъэщIэгъуэн гуэр къигупсысын папщIэ. Ар еплъыртэкъым бийр зэрыхъу бжыгъэм».

Зауэм зэрыIухьэрэ куэдыщи дэмыкIауэ, Ахьмэдхъан и гъусэ зауэлIхэм хэкум къатхащ:

«Фронт псом Къанкъуэщыр къыщацIыху. ДзэIэтащхьэхэр абы къыхуэупсащ Бэракъ Плъыжь орденымкIэ».

Зауэм Iухьа нэужь еру щхьэкIэ, Ахьмэдхъан и ныбжьэгъухэм щахэтым деж щабэт, бзэ IэфI Iурылът, дэтхэнэми и гукъеуэ, и дзыхь кърагъэзырт, и хьэлщэн дахэмкIэ цIыхухэр зыщIишэрт. И унагъуэм теухуауэ хъыбар мыщхьэпэ къызыIэрыхьам абы кърикIуэтылIэрти, и гур нэхъ зэгъэжырт, сыту жыпIэмэ, апхуэдэхэм деж адыгэ щIалэм ныбжьэгъум жриIэни зэречэнджэщыни къигъуэтыфырт.

... «Мессершмиттым» зэребгъэрыкIуэ ди кхъухьлъатэхэр ялъэхъэн ягугъащ, ауэ къикIа щыIэкъым. Ди «Якхэр» бомбэзехьэхэмкIэ яфIэкIуэри, абыхэм уэр хузэхаублати, радиоаппаратым бгъэдэсу мыдэкIэ щIым щыIэ унафэщIыр къэпIейтеяуэ хьэуам хэтхэм йоджэ: «Напэ фиIэщ! Еуэ уэ, шэмэдж! Пыгъэщ, Къанкъуэщ!» УафэхъуэпскIым хуэдэу псынщIащэу йокIуэкI зэхэуэр. МафIэм иса къуажэм я жыг хадэ зэщIэгъагъэхэмкIэ йохуэх «ЮнкерситI». Ещанэм егъэкIэрэхъуэжри, уафэ лъащIэм йохьэж. Ар еху «Якым». «Юнкерсым» ехуэх нэпцI зещI, зэм згъэхуэм, зэми кIэщIу къегъэкIэрахъуэри, адэ-мыдэкIэ зыщIедз.

«Нэхъ лъагэу!» - къоIу ар зыхум и макъыр. Зауэм дихьэха Къанкъуэщ Ахьмэдхъан щыгъупщат зэрыпсалъэ Iэмэпсымэр игъэувыIэжын икIи щIым тетхэм зэхах абы и псалъэхэр: «ЛъыщIэжым фыIэщIэкIыу щIыми зыщывгъэпщкIуфынкъым, уафэми фыщыбзэхынкъым. Адыгэм жеIэ: «Зилъ зыщIэжым и бийр хьэдрыхи къыщигъуэтынщ».

ПлIыщIрэ етIуанэ гвардие авиаполкым и унафэщI Грабарец Иван етх: «Командир къэмылэнджэжщ, кхъухьлъатэзехуэ Iэзэщ. Нэмыцэ къашыргъэхэм екIурабгъу къахуегъуэтыф. Уэгум щекIуэкI зауэм и Iэмалхэр ещIэ, лIыгъи зэфIэкIи къыщегъэлъагъуэ. И закъуэ кхъухьлъати 8, гъусэ иIэу щы кърииудыхащ, нэгъуэщIитхуи зэхикъутащ».

Куэд дэмыкIыу Къанкъуэщ Ахьмэдхъан ТIалэ и къуэр Совет Союзым и ЛIыхъужь ящI. А унафэр дунейм къытохьэ 1943 гъэм фокIадэм и 2-м.

Зы илъэс закъуэщ Къанкъуэщ Ахьмэдхъан зауэм зэрыхэтар. А зэман кIэщIым абы нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм хэщIыныгъэшхуэ ирет. 1943 гъэм Къанкъуэщым и кхъухьлъатэр Керчь деж къыщраудыхащ. Ауэ абы и щIыхьым, и пщIэм бийм зыри хуещIакъым.

### Вагъуэиж



Къардэн Къэбард Лэкъумэн и къуэм и гъащIэр ещхьт вагъуэижым - махуэ 257-рэщ ар Хэку зауэшхуэм зэрыхэтар. Дэфтэрхэм яхъумащ абы сыхьэтихым къриубыдэу и танкымкIэ нэмыцэ фашисту 50-м щIигъу зэриукIар, топу 5 зэрикъутар, къуентхъыу танки 7, топ 13, автомашинэ 78-рэ дыдейхэм къаIэрыхьэным ар зэрыхэлIыфIыхьар...

Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн Къэбард теухуауэ щыIэ тхылъхэр мащIэщ. Ауэ абыхэм Аушыджэр щыщ адыгэлIыр къахощ Хэкум и бын пэжу, шынэ зымыщIэ танкисту, ныбжьэгъуфIу, цIыху хьэлэлу, сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэу. Апхуэдэу ар щыдолъагъу, урыс тхакIуэ цIэрыIуэ Гарин Фабиян и тхылъым, 1963 гъэм Москва къыщыдэкIам, «Танкым телъ удз гъэгъахэр» зыфIищам. Абы итщ мыпхуэдэу:

- Ныбжьэгъу Къардэн, уэ нэхъыфIу зыкъэдгъэцIыхут, - жиIащ Боровицкэм.

ЩIым щыс сэлэтхэм къахэтэджыкIащ щIалэ къуэгъу, зи нэкIур дыгъэм къамылыфэу ижьар. Нэрылъагъут ар зэрыпIейтейр. КIэщI дыдэуи къиIуэтащ Кавказ къуршыжьхэм я лъапэм къызэрыщалъхуар, мэлыхъуэу зэрылэжьар, къалэшхуэ илъагъуну, еджэну зэрыщIэхъуэпсар.

- СыноупщIыну сыхуейт, - къэIуащ Кульдин и макъыр. - Уи сыт Совет Союзым и ЛIыхъужь хъуа Къардэн Къубатий?

- Си къуэшщ, - жиIащ щэхуу Къэбард.

Сэлэтхэр нэ гуапэкIэ еплъащ я ныбжьэгъум. Комбатым жиIэнIауэ хэтащ. Ауэ а напIэзыпIэм макъ лъагэкIэ зыгуэр къэджащ:

- ПсынщIэу фи машинэхэм фитIысхьэж!

Дакъикъэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу зауэм и мафIэр щIэрыщIэу къызэщIэнащ... Танкищэхэр, кхъухьлъатищэхэр, топищэхэр зэщIэгъуахъуэрт. МафIэм исырт машинэхэр, унэхэр, шыгу зэщIэщIахэр, цIыху куэд. Пшагъуэмрэ Iугъуэмрэ зэхэтым ярейуэ, зэуапIэр кIыфI хъуат, шэ зэмыфэгъу зелъатэхэр къыхэлыдыкIыу... Бийр зы километркIи къэкIуэтэфакъым. ИхъуреягъкIэ щыплъагъурт нэмыцэ сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ я хьэдэхэр, мафIэ бзийр зыщхьэщыт танкхэр...

Къардэн Къэбард егупсысырт бийм ебгъэрыкIуэу, я быдапIэр зэрызэпхитхъыным, адрей танкхэм гъуэгу зэрахуищIыным. Машинэр зыгъакIуэр старшина Трохинт. Къардэным и танкым иужь итт Дегтярев, Бондарь сымэ зи унафэщIхэри... Бийм ди танкхэр здикIыну и гугъэр ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэти, абыкIэ зыщигъэбыдат, фIыуи зигъэхьэзырат. Ар къыгурыIуэри, Трохиным унафэ хуищIащ шоссем текIыу губгъуэ гъуэгумкIэ игъэшыну. Дегтярев, Бондарь сыми къащIащ Къардэныр зыхущIэкъур. Ди танкхэр лъэгумкIэ яунэтIри, къуажэм дэмыхьэу, къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ екIуэкIащ, зыкъагъэзэри, къызэдилъащ.

- Гъуэжькуийм хуэдэу, - кIиящ Къэбард, Трохиным зыхуигъазэри, - бийм дытоуэри, хьэбэсабэ дощI!

Къуажэм къызэрыдэхутэу къалъэгъуащ ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ загъэзауэ танкищ щыту. Къардэныр еуэри, зым Iугъуэ фIыцIэр къыщхьэщыуващ. Дегтярев игъэсащ етIуанэрей танкыр. Ещанэм зыкъигъэзэну хэтащ, ауэ хунэсакъым. Абыи техуащ Къэбард и топышэр.

Абдежым лъэныкъуэкIэ къыкъуэкIащ «Фердинанд» зыбжанэ. Къардэным и танкым къытелъэлъащ топышэр. Матюшкиныр уIэгъэ хьэлъэ хъуат, ауэ абы хузэфIэкIащ топыр иузэдыну. Къэбард и Iэр къиIэтри, къыхэщэIукIащ - лъыпсыр къыпыжырт...

- Къызэт бронебойнэр! - еджащ ар Матюшкиным.

Ауэ абы зыкъигъэхъеижыфыртэкъым. И къару псори зыхилъхьэри, топышэр къищтащ, ерагъыу топыр иузэдри, нэмыцэ танкым еуащ. Матюшкиным иужькIэ джэлащ Зайцевыр. Трохиным, адэ-мыдэкIэ зригъэгъазэурэ, гъуанэу блы зиIэ хъуа танкыр ипэкIэ игъакIуэрт. Къардэным, къару телъыджэ гуэрхэр къыхыхьэжауэ, топыр иузэдурэ игъауэрт.

Еянэрей топышэр къыщытехуэм, Къэбард и нэхэр щыункIыфIыкIащ, псэкIэ зыхищIащ и гур удыным зэгуиудауэ лъыр уэру зэрыщIэжыр... А напIэзыпIэм къызэхихащ Бочковскэм и танкхэри къызэрысар, фашистхэр зэрикIуэтыр...

Бийм зэуэныр щигъэтри, гъэру зыкъитащ. Къуажэдэсхэр гъуанэпщIанэ хъуа совет танкым деж щызэхуэсащ. УкIыгъэ хъуа сэлэтиплIыр къыщрахым, фызыжьхэр, сабийхэр зэщIэгъуэгэрт...

Мыгувэу ди танкхэр япэкIэ кIуэтащ. Бийр икIуэтыжырт...

*(КIэлъыкIуэр 9-нэ нап. итщ).*

## ТIасхъэщIэх



646-нэ фочауэ полкым и штабым ираджащ тIасхъэщIэх гупым и пашэ сержант Тамбий Владимир. Полкым и дзэ Iэтащхьэхэм нэмыщI абы щIэст генерал гуэри. Тамбийм къыжраIащ къалэнышхуэ и пщэм къызэрыдалъхьэр - и гупыр щIыгъуу Днепр зэпрыкIын икIи езыхэм яхуэзанщIэ псы Iуфэм бийм къарууэ щиIэр зыхуэдизыр къащIэу, рацэкIэ къатын зэрыхуейр.

Кхъуафэжьеит!кIэ тIасхъэщIэххэр жэщым Днепр тохьэ. Бгъуфlэщ, Iэуэлъауэншэщ ар, адрей Iуфэм нэр нэплъыс къудейщ. НэуфIыцIщхьэрыуэу бийм къиутIыпщ топышэхэм зэзэмызэ псыр къыдраклей... Езыхэм ялъэкI къамыгъанэу хьэнцэхэмкIэ псыр щIатхъу. Нэхъ здекIуэлIэфыну щIыпIэр къыхихыну тегъэхуэпауэ япэкIэ здэплъэм, Тамбийм игу къокIыж генералым къыжриIахэр, куэдкIэ къазэрыщыгугъыр къызыхэIукI и макъ щабэри и тхьэкIумэм къиIуэ зэпытщ. Бгъуфlэщ, абрагъуэщ Днепр. Кавказым щежэх къуршыпс уэр цIыкIухэм яхуэдэкъым. «Балъкъыпс хэт емыфэнрэт, - зэуэ игу къокI Владимир. - Къысхуихуэжыну пIэрэ абы щыщ зы псы щIыIэ Iубыгъуэ исфыжыну?».

Зи Хэкур зигу къэкIыжа адыгэ щIалэм и щIалэгъуэр и нэгу къыщIоувэж. Ар шыгъажэм хэтт. Iуащхьэр зэ хъурейуэ къажыхьауэ шу гупышхуэ шыгъэжапIэм тету ипщэкIэ зэрохь. Псоми я щIалэгъуэщ, псоми я лъы къэплъыгъуэщ. Зэрохь, къытежам къуажэм нэхъ пщащэ дахэу дэс Нафисэт гуэлмэдыныр зэрыритынур ящIэу. Нобэ Володя щыгъуазэщ и насыпыр здэщыIэм. Зыгуэрхэр абы къытежыну хэтщ. Иджыри къэс шхуэмылакIэр кIэщIу иIыгъамэ, ар егъэлалэ. Хуит хъуа пцIэгъуэплъым зеукъуэдий, и никъуэкъуэгъухэр жыжьэу къызэренэкIри, Iуащхьэм япэ нос...

Владимир автоматыр ирегъэкIуэтэкIри, и гуфIакIэмкIэ мэIэбэ. ИкIи шыгъажэм щытекIуэу Нафисэт къритыгъа гуэлмэдыным йоIусэ. Абы къыфIощI фIыуэ илъагъу хъыджэбзым Iуплъауэ.

Тамбийр щыгъуазэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым фашистхэр зэрыщыIам, дэнэ щIыпIи хуэдэу, цIыху куэд зэрыщаукIам икIи и гур къыхоузыкI. «Дауэ фыхъуа си Iыхьлыхэр? Дауэ ухъуа, Нафисэт?» - жеIэри, автоматыр екъуз.

- Зыгуэр жыпIа, ныбжьэгъу командир? - къоупщI зауэлI Конев Тимофей.

- Адэжь щIыналъэр сигу къэкIыжащ.

ТIасхъэщIэххэр Днепр и адрыщI ныджэм Iуохьэ. ИтIанэ псым драгъэзых, къуацэ-чыцэ гуэрэнхэр къыщыкI щIыпIэ къалъыхъуэу. Абыхэм псынщIэу кхъуафэжьейхэр ныджэм дралъэфей, пабжьэм хагъапщкIуэ.

«Иджы Iуэхум щIыдодзэ», - щыжаIэм, зэуэ умэзэхахэщ, нэмыцэ псалъэмакъ къызэхахри. Асыхьэтым кIыфIым къыхалъагъукI псы Iуфэм бий зауэлIищ къызэрекIуэлIар. Зыгуэрхэр нэщхъыфIэу зэжраIэурэ, абыхэм загъэщхъауэ псым хъы къыхахыжырт. Тамбийм и гупым ахэр макъыншэу яукI икIи замыIэжьэу яужь йохьэ бийм и Iэщэхэр здэщыт щIыпIэхэр къэхутэным.

Нэху здэщым полкым и унафэщIым хъыбар ирагъащIэ.

- Псы Iуфэм зыщывгъэбыди, - жеIэ абы, - сыхьэт зыбжанэкIэ зыфIыгъ.

- ТлъэкI къэдгъэнэнкъым.

Куэд дэмыкIыу ди топхэм къэуэнирагъажьэ, бийм лъапсэрыхыр къыхуагъакIуэу. Адрейхэми Днепр къызэпрыкIын щIадзэ. Тамбийм и гупри щыскъым, псым къытехьа совет зауэлIхэр пулеметышэкIэ щIэзыхъумэну хэт бийхэм я щIыбым дыхьэурэ зэтраукIэ.

Куэд дэмыкIыу фашистхэм къагъуроIуэ псы Iуфэм къыщитIысыкIахэр зэрымащIэр. Iуэхур ягъэзэкIуэжын папщIэ Тамбийм и гуп цIыкIур къаухъуреихь...

«Бий икIуэтам къебгъэрыкIуэжын щIидза нэужь, Тамбий Владимир, зауэлI ахъырзэман зыбжанэ фIэкIа щIымыгъуу, куэдкIэ езыхэм нэхърэ нэхъыбэ нэмыцэхэм къэмылэнджэжу яфIиIыгъащ яубыда щIы кIапэр...

Бийм къаруущIэ кърищэлIауэ хэнейрэ къебгъэрыкIуащ, ауэ сержант Тамбиймрэ абы и гъусахэмрэ фашистхэр ирахужьэжурэ къыздикIам нэс яхужырт, езыхэм яубыда зэуапIэри зыIэщIагъэкIакъым», - апхуэдэу итт Москва ирагъэхьа тхылъым.

Ди тIасхъэщIэх хахуэхэр толъкъуныр зыпэмылъэщ къыр быдэу бийм пэщIэтащ. Фашист куэди Iисраф ящIащ. Ауэ езыхэми ящыщу тIу къаукIат, Тамбийр уIэгъэ ящIат. Лъыр зэрыщIэкIыр, къаруншэ зэрыхъур зыхищIэрт, итIани абы пулеметыр игъэлъалъэ зэпытт. «Фэ фщIыжа Iэщэщ, бзаджэнаджэхэ, фызыукIыжыр... ФыкъакIуэ, фи ажалым фыкъыхуеблагъэ!» - арат Владимир бийм жриIэну игъуэтыр.

Арыххэу «Ура!» лъэщым псы IуфэмкIэ зыкъыщеIэт. Дыдейхэр къэсат...

1944 гъэм мазаем и 22-м Тамбий Владимир Георгий и къуэм къыфIащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр.

## Ажалым къызыпикIухьа



Яхэгуауэ Михаил КъуэкIыпIэ Жыжьэм къулыкъу щищIэрт. Зауэр къэхъейри, сэлэтхэр абыкIэ куэдрэ щаIыгъыжакъым. МафIэгухэм къpaгъэтIысхьэри, дыгъэ къухьэпIэмкIэ къыдрашеижащ. А гъуэгуанэ кIыхьым зэрыщыгувар хыумыбжэмэ, Хэку зауэшхуэр екIуэкIыху Яхэгуауэр миномет батареем связисту хэтащ.

1943 гъэм ар щозауэ Курск деж. ЛъэныкъуитIымкIи танк минхэр щызэпэщIэуващ къызэрекъутэххэрт. Совет Iэщэр фашистхэм ейм зэрефIэкIыр абдеж наIуэ щыхъуащ. Ди минометхэми лъэкI къыщагъэнакъым - жыр машинэ Iэджэ хьэбэсабэ ящIащ.

«АтIэ Яхэгуауэр сыткIэ къэсэбэпа, топ зыгъауэхэм яхэмытамэ, танк ису ебгъэрыкIуахэми ящымыщамэ?» - жиIэу щIэупщIэн гуэри къыхэкIынщ. Ауэ фронтым Iутар фIыуэ щыгъуазэщ дэнэ деж къыщахьа текIуэныгъэми связистхэм я фIыщIэ зэрыхэлъыр.

Зауэр и гуащIэгъуэу екIуэкIыу нэхъ щIыпIэ шынагъуэ дыдэхэм кIуэурэ кIапсэхэр зэпищIэжыну къыхуихуащ псыгуэнсу щIалэм. Биишэр и хъуреягъкIэ къыщыпIэнкIыу, зэм пщыуэ, зэми къыщылъэтрэ жэуэ связыр щызэпыуда щIыпIэр къихутэрт икIи зэригъэзэхуэжырт.

Ари къыщыхъуар Курск дежщ. Зэхэуэр зэщIэплъауэ полкым и батареемрэ унафэщIхэмрэ зэмыпсэлъэжыф хъуащ. Топхэм заущэхуащ. Ахэр нэуфIыцIщхьэрыуэу ягъауэркъым - ууейхэм удын ятебдзэнкIэ шынагъуэщ... Яхэгуауэ Мышэ щIэпхъуащ, губгъуэм кIуэцIрыша кIапсэр иубыдри. Ауэ ар куэдрэ ягъэжакъым. Нэмыцэхэр гъунэгъу дыдэу къепщылIауэ къыщIэкIати, шэ къытрагъэлъалъэхэм адыгэлIыр щIым ираIулIащ, и щхьэр кърамыгъэIэту.

Къуацэ зэрыт къуэм нэсыным зэ илъыгъуэт къыхуэнар - абдежым биишэхэр къыщылъэIэсыжынутэкъым. Яхэгуауэм и ныбжьэгъу Болотов Захар къыкIэлъыджащ: «Мишэ, къэгъазэ», - жиIэу. ИкIи фашистхэр абы трагъэплъэкъукIыу и щIыбагъымкIэ автомат уэ макъхэр къыщыIуащ. Къигъэзэжами хъунут, ауэ ар и щхьэм трилъхьакъым, «бийхэм саIэпыхуащ иджы» щыжиIэм, къыщылъэтри жэрыгъэкIэ метрипщI хуэдэ ижащ, аргуэру щIым зыхидзэжащ. Иджы Яхэгуауэм зызыкъуигъэпщкIуэн щыIэт - джабэ нэпкъ цIыкIумрэ къуацэ-чыцэмрэ къахъумэрт. КъиIэбэрэбыхьурэ Мышэ кIапсэр къигъуэтыжащ икIи ар здэшэщIамкIэ езыри пщыуэрэ щызэпыуда щIыпIэм нэсащ. КIапсэр зэпищIэжыну хунэса къудейт фашистхэр абдежым къыщеуам. И гъунэгъуу къыщыуа лагъымым джабэ тIэкIум къыкIэриуда щIыр абы къытрипIэжащ. Езым ягъэ екIатэкъым. ЩIы къытрипIам къыхэпщыжри, абы лъэныкъуэ зригъэзащ...

Днепр япэу зэпрыкIа зауэлI гупым яхэтащ Яхэгуауэр. Связыр къызэрызэригъэпэщыжыну кIапсэхэри Iэмэпсымэхэри здызэпришат. Псым зэпрыкIахэм къебгъэрыкIуа бий куэдым зыщахъумэжын хуей щыхъум - Яхэгуауэми, къыпэщыта къалэныр зэфIигъэкIауэ, Днепр и сэмэгурабгъур къреджэ икIи топхэмкIэ фашистхэм нэхъ щеуэну щIыпIэхэмкIэ дзэ унафэщIхэм хъыбар ярегъащIэ. Ижьырабгъу ныджэм бийм къыщиухъуреихьа дзэ пакIэр къелынтэкъым, адрей псы Iуфэм хуаIа пыщIэныгъэр зэпыуамэ. Ар зэпигъэуакъым адыгэлI хахуэм - Днепр псышхуэм къызэприша кIапсэр щызэпыуд къэхъуами, кIыхьлIыхь зимыщIу зэпищIэжыфащ икIи совет зауэлIхэр Днепр зэпрыкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ хъуащ.

УIэгъэ хьэлъэу а зауэм къыIуашыжат Яхэгуауэр. УIэгъэщми щIэлъащ. Ауэ нэхъыфI зэрыхъуу зауэм яфIыIухьэжащ. И унагъуэ хыхьэжа хуэдэт зауэр зэрыщIидзэрэ зыщIыгъуахэм я деж щынэсыжам. «Ди Мишэ, лъапэ махуэ къыухьэжьэж», - жаIэу къаувыхьауэ IэплIэ къыхуащIырт, гуфIэщахэу хэт тутын къыхуишийрт, хэти зытетIысхьэн къыхуигъэхьэзырырт. «Сыт мыпхуэдизу фыщIызэрызехьэр?» - жиIэу асыхьэтым батареем и унафэщIри къыщыIухьэм, псори зэлъыIуокIуэт, аргуэрми и IэплIэм къохутэ, итIанэ бгъэдокIуэтыжри командирым ар къызэпеплъыхь. «ТIэкIу уфагъуэщ, ныбжьэгъу, - къыжреIэ, - ухъужыпауэ узиIэ уэ».

- Ныбжьэгъу командир, ар иджыпсту щIэфагъуэр зы бжьэ ефа нэужь нэхъ тхъуэплъ хъужын щхьэкIэщ, - мэгушыIэ Болотов Захар.

Командирыр сыхьэтым йоплъ.

- ДакъикъитхукIэ щIыдодзэ зэхэуэм, - жеIэ абы.

- Связыр лэжьэнущ, - жэуап етыж Яхэгуауэм икIи и Iуэху иужь йохьэж. Абы дяпэкIи къыпэщылът зауэм и гъуэгуанэ хьэлъэр и кIэм нэс икIуну.

1943 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым Унафэ къищтащ Днепр щызэпрыкIым зэрахьа лIыхъужьыгъэм щхьэкIэ блыщIрэ еянэ фочауэ дивизием щыщ цIыху пщыкIуийм Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр фIащу. Абыхэм яхэтт Яхэгуауэри.

## ЛIыгъэр и Iэщэу

Хэку зауэшхуэм и лIыхъужь, «ЩIыхь» орденым и нагъыщищри зыхуагъэфэща Мусэ Менлы лIыгъэрэ хахуагъэрэ къыигъэлъагъуэу хэтащ Хэку зауэшхуэм. Зауэр иухыху ар къыпэрыкIакъым снайпер IэнатIэм. Архивым хэлъ дэфтэрхэм зэритымкIэ, снайперу щытыху адыгэ лIыхъужьым нэмыцэ офицеррэ сэлэту 50 иукIащ, тIу уIэгъэ ищIащ, 12 гъэру иубыдащ.

ЛIыхъужьыр зауэм зэригъэунэхуар зы тхыгъэ кIэщIым къыпхуигъэзэгъэнукъым, ауэ езы Менлы и гукъэкIыж зыбжанэ къыхэдгъэщынут: «Зэхэуэр кIащхъэ хъуртэкъым. Фашистхэм я ебгъэрыкIуэныр нэхъ зэпыуащ щыжаIэм, щIытIхэм драшалIэ зауэ зымылъэгъуа щIалэ гупыр.

Куэд дэмыкIыу зэхэуэм щIидзэжащ: топышэхэмрэ лагъымхэмрэ тщхьэпролъэт, пулеметышэхэр уэм хуэду къыттрагъэлъалъэ. Нэмыцэ кхъухьлъатэхэри къытщхьэщыхьащи, ди щхьэхэр къыдигъэIэтыркъым. ДэнэкIи Iугъуэщ, гъуэзщ, мафIэщ... ЗэщIэфие, зэщIэгъуагэ макъхэр зыуэ зэхыхьэжащи, тхьэкIумэ Iупсыр ирач».



Менлы и тхьэкIумэхэр щиубыдыкIащ, и Iур гъущIащ, гын Iугъуэр и нэм щIэбжьэу хуежьащи и нэпсхэри къыщIож. «Жыхьэнмэ мафIи мы сыкъызыхэхуар», - апхуэдэу егупсысыну хунэса къудейт Iэуэлъауэ псори зэуэ увыIэжу и хъуреягъыр щым щыхъужам.

- ЗэфIэкIа? - йоупщI Менлы и ныбжьэгъум.

- Иджыщ щыщIадзэнур, умыбэлэрыгъ, - жеIэ Лисицэ. - Ауэ абы ящIэнури дощIэри, дэ тщIэнури дощIэж. - Танк къызэрагъауэ лагъымыр къэгъэхьэзыр.

Лисицэ къыпыгуфIыкIыу къызэрепсалъэм и гур фIы ищIыжауэ, Мусэ зызэпелъэщIыхьыж. ИтIанэ маплъэри, зы абрагъуэ гуэрхэр уэсым къыхэунэхукIхэу елъагъу. Ахэр кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу къохъу. Нэмыцэ танкхэр къахуокIуэ, абыхэм я къуагъым къуэту лъэсыдзэри къокIуатэ.

- Фызэрыуэнум зыхуэвгъэхьэзыр, - унафэ ещI Лисицэ.

Менлы лагъымыр къещтэри екъуз. Совет зауэлIхэм къахуэкIуэ танкхэр шынагъуэми, зыри ипIэ икIакъым. Мис иджысту къосыпэ щыжаIэм, Мусэм лагъымыр танк щIагъым кIэщIедзэ. Лисицэ идзари гъунэгъуу къыщоуэ. А жэщым ди лIыхъужьхэм къагъэувыIэну яхузэфIэкIащ бийр къызэребгъэрыкIуэр. Нэху щыщам Менлы и гъусэу бийм пэщIэтахэм я нэгу езэшахэм иплъэри, цIыху абрагъуэу къыщыхъуахэр езым хуэдэу сэлэт къызэрыгуэкIт. Апхуэдэу Мусэр зауэм и гъуэгуанэ хьэлъэм теувауэ щытащ.

Лисицэ Петр жыхуаIэр Менлы и ныбжьэгъу дыдэ хъуат. Фочауэ дивизэм хэта Мусэ иужькIэ тIасхъэщIэх гупым хагъыхьэри, бийм и щIыб кIуэ хъуащ. Зэман куэд дэмыкIыу Лисицэр къаукIащ. Менлы зимыIэжьэу я нэхъыщхьэм и деж кIуащ яукIа и ныбжьэгъум и снайпер Iэщэр кърату лъы ищIэжыну хуит къищIыну лъаIуэу. Гуауэр зыгъэв Менлым зыри пэрыуакъым.

Лисицэ Петр и Iэщэр иIыгъыу Менлы адэкIэ Хэку зауэшхуэм хэтащ, лъыи ищIэжащ. Мусэ Менлы «ЩIыхь» орденым и нагъыщищыр къыхуагъэфэщащ.

КъэкIуэжа нэужьи, гузэвгъуэ куэд илъэгъуащ Менлы. Абы и анэр къэрэшейти, Азием яшахэм яхэтащ. Имылъагъужу дунейм ехыжащ.

Апхуэдиз гуауэр зыгъэва Менлы къэдзыхакъым. Къуажэ колхозым и унафэщI Гугъуэт Лалу ириджэри, Iэщ IуэхухэмкIэ и къуэдзэу игъэуващ ар. Колхозым къыхуэнэжауэ щыта мэл миныр япэ илъэсым минрэ никъуэрэ хъуащ, ещанэ илъэсым минищым нэс ягъэбэгъуащ. Ауэрэ илъэсипщI иримыкъум колхоз мэлыр мин щэщIым нэблэгъэжат. КъызэIуахыжырт гъэш фермэхэр, мэл пщыIэхэр. Ауэрэ Мусэр КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахауэ щытащ.

УIэгъиплI зауэм щызыгъуэта Менлы 1961 гъэм гъатхэпэм и 21-м дунейм ехыжащ.

«ЛIыгъэ зиIэм Iэщэ иIэщ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Менлыи лIыгъэр и Iэщэу псэуащ.

*(КIэлъыкIуэр 11-нэ нап. итщ).*

# Адыгей

## «Урысхэм затыркъым!»



Адыгей журналист, усакIуэ цIэрыIуэ, зауэлI хахуэ Андырхъуей Хъусен ящыщщ Хэку зауэшхуэм ЛIыхъужь щыхъуахэм. Ар 1920 гъэм Адыгэ Республикэм щыщ Хьэкурынэхьэблэ къыщалъхуащ. ПэщIэдзэ еджапIэм щIэсу усэ итхын щIидзащ икIи 1935 гъэм гъатхэпэм и 30-м къыдэкIа «Колхоз бэракъ» газетым и япэ усэ Iэрамэр къытехуащ.

1940 гъэм дзэм дашащ Андырхъуейр. Сталинград дэт дзэ-политикэ училищэм еджакIуэ ягъакIуэри, снайпер IэщIагъэр къыщIихащ. Хэку зауэшхуэм и япэ махуэхэм зэуапIэм Iухьащ Хъусен. Абы хэкIуэдамэ, псэ зэпылъхьэпIэ щихуам жиIа псалъэхэр и щапхъэщ цIыхум хэлъыфынкIэ хъуну хахуагъэм, хэкупсагъэм, лIыхъужьыгъэм.

Андырхъуей Хъусен зыхэта 136-нэ дивизэм 1941 гъэм фокIадэм и 20-м Ростов и Iэхэлъахэм зыщиукъуэдиящ. Абы щыгъуэ дон губгъуэхэм зауэ гуащIэ щекIуэкIырт, Кавказым къыхуеIэ бийр къатезэрыгуауэ. Дивизэр нэмыцэхэм япэуващ фокIадэм и 29-м: ахэр зэтригъэувыIащ, зэхикъутэри, иригъэкIуэтыжащ.

А махуэм ди зауэлIхэм къагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ щытепсэлъыхьым, абы и командирым и псалъэм къыхэщащ политрук Андырхъуей Борэжь и къуэ Хъусен и цIэр - бийм удынышхуэ езыдза зауэлI хахуэхэм ящыщт ар. Ипщэ фронтым и Iуэхур хэплъэгъуэ хъуат: цIыхурэ IэщэкIэ къебэкI бийр къебгъэрыкIуэ зэпытти, Дзэ Плъыжьыр къикIуэтырт, бийм хэщIыныгъэшхуэ иратурэ. Нэмыцэхэм яубыд къалэхэр, къуажэхэр зэтрагъасхьэрт, лажьэ зимыIэ цIыхухэр зэтраукIэрт.

733-нэ фочауэ полкри къикIуэтын хуейхъуащ, полкым Нагольнэ псым и Iуфэм зыщигъэбыдащ. ЕтIуанэ фочауэ ротэм Дьяковэ къуажэм и Iэхэлъахэм зыщигъэбыдащ, псым телъ лъэмыжым пэмыхьыжьэу. Андырхъуей Хъусен и ротэм къалэн къыщащIащ бийр псым къызэпрамыгъэкIыну.

ЖэщкIи махуэкIи къахэкIыртэкъым Андырхъуей Хъусен ротэм и зауэлIхэм: ягу фIы яхуищIырт, лIыгъэ яхэлъын зэрыхуейр, я адэ-анэхэр, я шыпхъухэр, я щхьэгъусэхэр я щIыб къызэрыдэтыр ягу къигъэкIыжырт. Ар псэ зэпылъхьэпIэ щихуам жиIа псалъэхэр и щапхъэщ цIыхум хэлъыфынкIэ хъуну хахуагъэм, хэкупсагъэм, лIыхъужьыгъэм. Совет армэм дамыгъэ яхуэхъуа псалъэхэр - «Урысхэм затыркъым!» - жызыIар Андырхъуей Хъусент.

## Фашистхэр мыхъуатэмэ…



Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Нэкусхьэблэ деж щекIуэкIа зауэ гуащIэм и щхьэр хилъхьащ къызыхэкIа лъэпкъым и цIэр щытхъу дахэ пылъу кърезыгъэIуа, Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща Ачмыжь Айдэмыр. Ар Нэкусхьэблэ щыщIалъхьэжащ, и кхъащхьэри нобэр къыздэсым щызэрахьэ.

Суворов Александр, Кутузов Михаил, Хмельницкий Богдан я цIыхыкIэ щыIэ орденхэр зыхуагъэфэща, Бэракъ Плъыжьыр зезыхьэ 10-нэ Псыжь-Слуцк гвардие къэзакъ шуудзэм IэщэкIэ зэщIэузэда и 2-нэ гвардие шуудзэ щхьэхуэм и топузэд, гвардием и зауэлI Ачмыжь Айдэмыр Ахьмэд и къуэр 1912 гъэм гъатхэпэм и 22-м Шапсыгъ щIыналъэм хыхьэ ШэхэкIеишхуэ къуажэм къыщалъхуащ. ЕгъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру Мейкъуапэ дэт училищэр 1937 гъэм къиуха нэужь, Краснодар дэт институтым и щIэныгъэм щыпищащ. ЩIалэм къыхихар географием пыщIа IэщIагъэрщ. ЕгъэджакIуэу лэжьэну хуит зыщI тхылъыр къыщыIэрыхьэм, Айдэмыр Шапсыгъым игъэзэжри, къыщыхьуа ШэхэкIеишхуэ къуажэм тIэкIурэ щылэжьащ.

Зауэр къэхъея нэужь, Дзэ Плъыжьым хэхуа щIалэщIэхэр Шапсыгъ щIыналъэм дзэ хуэIухуэщIэхэмкIэ и къулыкъущIапIэм 1942 гъэм мазаем топузэду 267-нэ шуудзэ щхьэхуэм (1942 гъэм и шыщхьэуIу мазэм 2-нэ гвардие шуудзэ хъуам) и 2-нэ батареем хигъэхьащ. Батареер IэщэкIэ зэщIэузэда 4-нэ гвардие къэзакъ шуудзэм хэту зауэм Iухьауэ щытащ.

Ар хахуагъэ щигъэлъагъуэу КъалэIус губгъуэм 1942 гъэм и шыщхьэуIу мазэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм хэтащ. Куэд дыди дэмыкIыу ШэхэкIеишхуэм хыбарыр дзэ хъуащ – я къуажэгъу щIалэ Ачмыжь Айдэмыр зэрихьа хахуагъэм папщIэ Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

КъалэIус губгъуэм зэрыпхъуакIуэхэр щыхагъащIэу текIуэныгъэр къыщахьа нэужь, советыдзэм а мазэ дыдэм Мейкъуапэ - ТIуапсэ лъэныкъуэмкIэ зыкъигъэзащ. Хуарзэ Iуфэм, Куэшхьэблэрэ ХьэкIэмзейрэ я зэхуакум щекIуэкIа зауэ хьэлъэми хэтащ Ачмыжьыр.

Айдэмыр зыхэт шуудзэр 1942 гъэм шыщхьэуIум и 10-м Гудермес лъэныкъуэмкIэ ядзащ. КавказщIыб фронтым хэту IэщэкIэ зэщIэузэда 2-нэ гвардие шуудзэ щхьэхуэр Сэтей щхьэпщIанэм мазищкIэ щызэуащ. Ачмыжь Айдэмыр и унафэм щIэт 2-нэ батареер зрапха 36-нэ гвардие шуудзэр жэщым, 1942 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м, нэмыцэхэм ущхъуэдэмыщхьэу ятеуэри, Нэкусхьэблэр къыIэщIахыжащ.

Ачмыжьхэ къызэхьуIа щыгъуэ тхылъым мыпхуэдэу итщ: «…Зауэр къыщызэщIэплъэм, бийм и топышэр Ачмыжьыр зыхэт расчётым къытехуэри, псори зэтриукIащ, езы Айдэмыр уIэгъэ хъуащ. Ауэ абы щхьэкIэ къимыгъанэу, щIалэр топым еувалIэри, сыхьэтихкIэ бийм езауэу бгъэдэтащ, танк 11-м щыщу тхур къигъэуэн лъэкIащ. Советыдзэм щыщ дэIэпыкъуэгъухэр къэсыху Айдэмыр биидзэр зэтриIэжьащ, къуажэри ярагъэубыдакъым…». Зауэ мафIаем зи щхьэр хэзылъхьа щIалэм и цIэм къыщымынэу, зыщыщ лъэпкъ уардэм и цIэри къыхощ зи гугъу тщIа щыгъуэ тхылъым: «Адыгэ Хэкум и къуэ хахуэ, гвардием и зауэлI Ачмыжь Айдэмыр бийм и пащхьэ къыщыскIакъым, лIыгъэ хэлъу и псэр Хэкум и хуитыныгъэм щIитащ».

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1943 гъэм гъатхэпэм и 31-м къищта унафэм ипкъ иткIэ, ШэхэкIеишхуэм къыдэкIа адыгэ щIалэм Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыхуагъэфэщащ.

## ЛIыгъэшхуэ зэрихьащ



Бжьыхьэкъуэ Къымчэрий Адыгейм щыщ Лъостэнхьэблэ 1919 гъэм къыщалъхуащ, абы щызэхэт колхозым щылэжьащ.

1940 гъэм дзэм ираджащ, Хэку зауэшхуэм и япэ махуэм щыщIэдзауэ фронтым Iутащ. Миномет батареем хэту лейтенант нэхъыжь Бжьыхьэкъуэм зауэ гъуэгуанэ кIыхь зэпичащ. 1941 гъэм Москва бийм щызыхъума зауэлI хахуэхэм яхэтащ Бжьыхьэкъуэр. Ар Харьков, Полтавэ, Смоленск къалэхэм деж щызэуащ, Одер псым япэ зэпрыкIахэм ящыщщ, Эльбэ псым дежи лIыгъэшхуэ къыщигъэлъэгъуащ. Зауэм щызэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ Бжьыхьэкъуэ Къымчэрий «Бэракъ Плъыжь», «Хэку зауэ», «Вагъуэ Плъыжь» орденхэр, медаль зыбжанэ кърагащ.

Одеррэ Эльбэрэ деж щызэрихьа лIыгъэм папщIэ Бжьыхьэкъуэ Къымчэрий Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

1968 гъэ пщIондэ дзэм къулыкъу щищIащ абы, полковник цIэр зэрихьэу. 1991 гъэм Бжьыхьэкъуэ Къымчэрий дунейм ехыжащ.

## Ящыгъупщэркъым



Къуэш Алий 1922 гъэм Блэшэпсынэ къэбэрдей къуажэм къыщалъхуащ. 1941гъэм и бжьыхьэм фронтым Iухьащ, япэ, етIуанэ Украин фронтхэм, япэ Белорус фронтым хэту бийм езэуащ.

Алий зыхэт сапер батальоным фашистхэм я танк куэд щакъутащ Миус псым и Iуфэм, лIыгъэшхуэ къигъэлъэгъуащ ди дзэр Днестр щызэпрыкIым щыгъуи. 1944 гъэм Къуэш Алий къыфIащащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр.

Зауэ нэужьым Къуэшыр Мейкъуапэ щыпсэуащ, IэнатIэ зыбжанэм пэрытащ. 1971 гъэм дунейм ехыжащ. Блэшэпсынэ щагъэуващ къэбэрдей адыгэ лIыхъужьым и фэеплъ сыныр, а къуажэм дэт курыт еджапIэм абы и цIэр зэрехьэ. Блэшэпсынэ и уэрамхэм ящыщ зыми фIащащ Къуэш Алий и цIэр.

## Бжьэдыгъухэ я щIалэ



Нэхэй Даут Адыгейм щыщ бжьэдыгъу Уэчэпший къуажэм 1917 гъэм къыщалъхуащ, педагогикэ еджапIэр къиухри къуажэ школым щылэжьащ. 1939 гъэм дзэ къулыкъум ираджащ.

Хэку зауэшхуэм и пэ махуэм щыщIэдзауэ бжьэдыгъу щIалэр хэтащ, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу. Даут зи пашэ батальоныр Вислэ псым япэ зэпрыкIахэм ящыщщ. Генерал-полковник Колпакчи итхауэ щытащ: «Нэхейр зи пашэ батальоным бийр зэхикъутэри, ди дивизэм гъуэгу къритащ». Даут и батальоным лIыгъэ щызэрихьащ къалэ-быдапIэ Познань дежи. Батальоным и командир Нэхей Даут абы щхьэкIэ къыфIащащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр. АдыгэлI хахуэм къратащ «Бэракъ Плъыжь», «Невский Александр», «Вагъуэ Плъыжь», «Хэку зауэ» орденхэри.

1946 гъэм дзэм къыхэкIыжри, Нэхей Даут зыщалъхуа къуажэм къигъэзэжащ, егъэджакIуэу, курыт школым и унафэщIу лэжьащ. 1955 гъэм дунейм ехыжащ.

## Днепр зэпришат



Щхьэмыгъазэу а зауэм хэта, фашист зэрыпхъуакIуэхэр ди лъахэм изыхужа адыгэ щIалэхэм ящыщщ хы ФIыцIэ Iуфэм Iус ди лъэпкъэгъухэм къахэкIа Тхьэгъущэ Исмэхьил Хьэлэл и къуэр. Ар 1920 гъэм гъатхэпэм и 17-м Псыущхъуэ ЦIыкIу жылэм къыщалъхуащ.

Бухгалтер курсхэр ехъулIэныгъэхэр иIэу къиухауэ, 1940 гъэм жэпуэгъуэм Тхьэгъущэр дзэм ираджэ. Куэд мыщIэу къэхьеящ Хэку зауэшхуэр. Ар фронтым Iухьащ 1942 гъэм щIышылэм и 3-м. Кавказ Ищхъэрэ дзэ округым лейтенант нэхъыщIэхэм я курсыр къыщиухри, Ипщэ-КъухьэпIэ, Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ, Воронеж, Украинэ фронтхэм Iутащ.

1943 гъэм фокIадэм и 25-м Воронеж фронтым и 47-нэ армэм и 23-нэ фочауэ дивизэм и 89-нэ фочауэ полкым и ротэм и командир лейтенант Тхьэгъущэ Исмэхьил зыхэт полкыр псом япэ Днепр псым зэпрыкIын щIидзащ. Шынэ зымыщIэ лейтенант хахуэм иужь иуващ ротэ псор, итIанэ - полкыр зэрыщыту. Днепр къызэзынэкIа зауэлIхэм занщIэу бийм хэуэн щIадзащ. Тхьэгъущэм къыгурыIуэрт, еужьэрэкIыу емыбгъэрыкIуэмэ, бийм зэрызыкъищIэжынур. Ротэр абы и унафэм щIэту ипэкIэ кIуэтащ.

ЩытыкIэм нэхъри къигъэIэла бийм артиллерие хьэлъэхэмкIэ къыхэуэн щIидзащ лейтенант Тхьэгъущэ Исмэхьил и ротэм. Жэщ-махуитIкIэ екIуэкIащ а зэпэщIэтыныгъэр. Псом хуэмыдэу хьэлъэт фокIадэм и 29-р, генерал-майор Королевыр щыхэкIуэда махуэр. Жэпуэгъуэм и 2-м фашистхэр танк 30 хъууэ, штурм Iэщэу 15 яIыгъыу, лъэсыдзэ батальонитI ящIыгъуу къапэщIэкIуэтащ дыдейхэм. АрщхьэкIэ къыпэщIэува лейзехьэхэм зы Iэмали къыхуамыгъанэу зэтрикъутащ адыгэ щIалэм и дзэм. Бийр икIуэтыжащ, и сэлэтхэмкIи техникэмкIи хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтауэ: танк 11-р ягъэсащ, техники 3 икъутащ, сэлэтрэ офицеру 1000 зэтраукIащ. Бийм и «куэщI» зэрихьа лъагъуэр километр 1-кIэ ягъэкъабзэри, совет армэр ипэкIэ кIуэтауэ щытащ.

1943 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м командир щхьэмыгъазэм «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къыфIащащ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ. Абы щIыгъуу къратащ Ленин, Вагъуэ Плъыжь орденхэр.

И ныбжьыр илъэс 23-рэ фIэкIа мыхъуауэ зауэм хэкIуэдащ Исмэхьил.

*(КIэлъыкIуэр 12-нэ нап. итщ).*

